

# Ayerasyon nan Espesyalite Zong Ti Konsèy Enpòtan ak Enfòmasyon Apre yon Enspeksyon



## Division of Licensing Services

**Depatman an rekonèt li ka pran anpil mwa pou konfòme ou avèk salon bote ou avèk nouvo règ yo, epitou Depatman an kapab travay avèk ou pou evite yon odyans.**

### KONTAKTE DEPATMAN-DETA

Si ou gen nenpòt kesyon sou nouvo egzijans yo pou ayerasyon oswa sou fason pou konfòme ou avèk biznis ou, tanpri kontakte Depatman-Deta nan nimewo 518-474-4429. Ou kapab jwenn enfòmasyon ak resous siplemantè sou sitwèb nou ([www.dos.ny.gov](http://www.dos.ny.gov)).

Dokiman sa a ap ede pwopriyetè salon bote yo konprann nouvo egzijans yo pou ayerasyon ak sa pou fè si yon anketè Depatman-Deta (Department of State, "DOS") enspekte ou. DOS angaje pou travay avèk biznis yo epi yo nou disponib pou reponn kesyon ou yo.

## KILÈ M AP BEZWEN KONFÒME MWEN AVÈK NOUVO EGZIJANS YO?

Si biznis ou te **resevwa lisans lan anvan 3 oktòb 2016**, ou p ap bezwen konfòme ou avèk nouvo egzijans yo pou ayerasyon an jouk **31 oktòb 2021**. Si biznis ou te resevwa lisans **lan nan dat 3 oktòb 2016 oswa apre dat** sa a, w ap bezwen enstale yon sistèm ayerasyon lè ou louvri biznis ou.

## ENSPEKSYON AN

DOS fè enspeksyon biznis yo san avètisman. Si yon enspektè DOS enspekte ou, epi biznis ou te **resevwa lisans apre 3 oktòb 2016**, men sa l ap mande ou pou bay:

- Yon **sètifika siyen** ou resevwa nan men yon pwofesyonèl ayerasyon ki montre biznis ou satisfè nouvo egzijans yo pou ayerasyon an.

Sètifika a disponib sou sitwèb DOS nan: <http://www.dos.ny.gov/licensing/appearance/ventilation%20certificate.pdf>. Lòt enfòmasyon sou nouvo egzijans yo pou ayerasyon an disponib tou nan "Gid Pratik Pwopriyetè Salon Bote pou Ayerasyon" ("Business Owners' How to Guide for Ventilation") ki disponib sou sitwèb nou nan:

[http://www.dos.ny.gov/licensing/appearance/Ventilation%20How-To-Guide%20%20Final\\_DOS.pdf](http://www.dos.ny.gov/licensing/appearance/Ventilation%20How-To-Guide%20%20Final_DOS.pdf)

Si yo enspekte biznis ou epi gen kèk vyolasyon, w ap resevwa materyèl alekri ki eksplike ou vyolasyon yo epi ki ba ou yon dat pou yon odyans. Si vyolasyon an asosye avèk nouvo règleman yo pou ayerasyon, w ap resevwa enfòmasyon sou sa règleman yo egzije, ak sou fason pou konfòme ou avèk yo. Nan pifò ka yo, menmsi yon biznis resevwa yon avi pou vyolasyon, pwoblèm yo kapab rezoud san yon odyans depi ou korije vyolasyon yo.

## KISA MWEN KAPAB FÈ ANVAN ODYANS LAN?

Li enpòtan pou sonje ***pifò vyolasyon yo rezoud san odyans*** depi ou korije vyolasyon yo ba ou yo pandan enspeksyon an epitou depi ou jwenn yon akò avèk DOS. Si biznis ou te resevwa yon kontravansyon ki gen yon vyolasyon pou ayerasyon, men sa ou ta dwe fè:

- Revize “Gid Pratik Pwopriyete Biznis” DOS ki disponib sou sitwèb nou;
- Revize kontra lwaye ou epi diskite sou egzijans yo pou ayerasyon avèk mèt kay ou;
- Fè entèvyou avèk diferan pwofesyonèl epi mande yo estimasyon sou fason pou vin konfòme ou;
- Chwazi yon pwofesyonèl k ap enstale yon sistèm ki satisfè bezwen biznis ou;
- Enstale yon sistèm ayerasyon ki konfòme li avèk kondisyon yo pou ayerasyon an.

## KISA MWEN KAPAB FÈ APRE MWEN KONFÒME MWEN?

Si, apre enspeksyon DOS, ou enstale yon sistèm ayerasyon ki respekte kondisyon yo pou ayerasyon an, ou ta dwe kontakte DOS nan nimewo (518) 473-2728. Fè yo konnen ou te resevwa yon kontravansyon men ou enstale yon sistèm ayerasyon kounye a epi ou ta renmen fè yon aranjman avèk DOS. Si ou te anboche yon moun epi ou fè efò pou konfòme ou, DOS kapab travay avèk biznis ou pou evite yon odyans.

## KISA POU MWEN FÈ SI MWEN KONFÒME MWEN ANVAN ODYANS LAN?

Aprè yon enspeksyon, men anvan odyans lan, DOS ap chèche wè si w ap eseye konfòme ou avèk nouvo règ yo. Men dokiman k ap montre DOS w ap eseye konfòme ou, men se pa sa sèlman:

- Yon kontra avèk yon pwofesyonèl;
- Diferan estimasyon alekri ou resevwa nan men pwofesyonèl, si ou poko anboche youn;
- Resi pou materyo konstwiksyon;
- Kèk aplikasyon pou pèmi konstwiksyon, si otorite konstwiksyon lokal ou egzije sa;
- Vèsyon pwovizwa plan-direktè ou resevwa nan men yon pwofesyonèl konsepsyon.

***Si ou gen kalite dokiman sa yo, ou ta dwe kontakte DOS nan nimewo (518) 473-2728, epitou DOS kapab travay avèk ou pou evite yon odyans.***

## KÈK TI KONSÈY ENPÒTAN POU SONJE:

- DOS la pou reponn kesyon ou yo. Si ou bezwen enfòmasyon siplemantè sou kondisyon yo pou ayerasyon an, kontakte liy èd nou nan nimewo (518) 474-4429.
- Li ekstrèmman enpòtan pou anboche pwofesyonèl ki kòrèk la pou ede ou. Asire ou anboche yon pwofesyonèl ki konprann sa ki obligatwa epitou ki kapab ba ou sèvis ou bezwen yo. Pwofesyonèl yo pa ta dwe konseye ou pou achte vantilatè ak pirifikatè lè pake aparèy sa yo p ap respekte règleman an.
- Sistèm ayerasyon yo pa menm selon modèl la ak pri yo. Ou ta dwe achte yon sistèm ki nan limit bidjè ou epi ki travay pi byen pou biznis ou. Se tout salon bote ki bezwen achte menm sistèm yo, epi se pa tout salon bote k ap sanble menm jan apre travay la fini.
- Li enpòtan pou sonje, selon sistèm ayerasyon ou genyen an, li ka pran kèk mwa pou konfòme ou. Poutèt sa ou ta dwe swiv ti konsèy ki nan dokiman sa a imedyatman ou kapab.